



Australian Government



Ico twokwitega ku musu w'urukingo rwa COVID-19 mu nzu ibamwo abageze mu za bukuru aho na we uba

Inkuru ku basanzwe bahaba, imiryango, ababitaho, hamwe n'abakunzi babo

Reta ya Australia irafise ivyo itegekanya mu gushikiriza inkingo COVID-19 ku wo ari we wese aba muri Australia.

Abakozi bakorera mu mazu arimwo abageze mu za bukuru co kimwe n'abazibamwo bazoba mu ba mbere bashobora guhitamwo kuronswa urukingo rwa COVID-19. Iki ni ikigize igice [c'ingazi ya mbere \(Phase 1a\) y'abazoronswa muri Australia urukingo rwa COVID-19 mu biyandikishije mu gihugu cose mu vyategekanijwe.](#)

Urukingo rwa COVID-19 ku bakozi bakorera mu bigo birimwo abageze mu za buruku kandi bahaba, n'abandi basanzwe bahaba bazoronkerezwa aho nyene. Ikigo c'aho uba gituyemwo abageze mu za bukuru kizokumenyeshya umusi w'urwo rukingo uwo ari wo.

Uru rwandiko ruguha, mwe n'umuryango wawe, ababitwararika n'abakunzi inkuru yerekeranye n'ivyo ushobora kwitega mu misi yerekeza ku musu w'urukingo uzohabwa.

Imbere y'uko uwo musu w'urukingo ushika

- Reta ya Australia izotunganya ingene inkingo zizoshikirizwa ikigo gituyemwo abageze mu za bukuru.
- Vyongeye Reta ya Australia yarashizeho abakozi benshi bakorera mu gisata c'amavuriro bazogendera ikigo cawe ubamwo gituyemwo abageze mu za bukuru maze batere urwo rukingo abahaba n'abakozi baho. Abo bakozi bo muri ayo mavuriro bazokorera hamwe n'ikigo ubamwo mu misi yerekeza ku musu w'ukuzoronswako urwo rukingo kugira ngo bategure kandi bategekanye ko uwo musu w'urukingo uzogenda neza mu mutekano kandi bikorwe neza.
- Ikigo usanzwe ubamwo kiramwo abageze mu za bukuru kizokubaza, uwundi muntu ashobora kugufatira ingingo (nimba ariho), kugira ngo yemere ko ushobora guhabwa urukingo rwa COVID-19.
 - Iyo nkuru urashobora kuyishikira kugira ngo ushobore guhitamwo uzi ico uhisemwo ku bijanye n'ugukingirwa rwa Covid-19. Nimba utararonswa iyi nkuru n'ikigo cawe, urashobora kuronka kopi yayo ku [rubuga ngurukanabumenyi rw'igisata c'amagara y'abantu](#).
 - Imbere yuko uvyemeza, wewe, umuryango wawe, abakwitwararika, hamwe n'abashobora kugufatira ingingo no kuguhitiramwo, barashobora vyongeye gufashanya n'abakozi b'amavuriro aho nyene muri ico kigo utuyemwo, umuganga asanzwe akuvura ibintu vyose, canke abandi bantu bakorera mu gisata c'amagara y'abantu babimogoreye kugira ngo muhanahane ivyiyumviro ku nyungu n'ibishobora gushika ku rukingo, kandi nimba bibereye ko woronswa urukingo rwa COVID-19.
- Abakozi bo mu mavuriro b'aho utuye bazosuzuma amagara yawe kugira ngo barabe neza ko bibereye kandi bikwiraye ko woronswa urukingo. Hamwe ico kigo utuyemwo coba gifise amatsiko ku bijanye n'amagara yawe, bazoca babanza kubaza muganga wawe asanzwe akuvura ibintu vyose, asanzwe agukurikirana mu bijanye n'amagara. Urashobora kandi guhitamwo kuvugana n'umuganga wawe akuvura vyose igihe ico ari co cose ku bijanye n'amagara yawe hamwe no ku rukiyo rwa COVID-19.
- Nimba wemeye kuronswa urukingo rwa COVID-19, ico kigo kiramwo abageze mu za bukuru ubamwo kizokwandika kugira ngo uronswe urwo rukingo. Ico kigo utuyemwo kizotegekanya ibikenewe vyose kuri uwo musu w'urukingo hamwe n'abakozi bose bakora mu gutanga urwo ukingo.
- Urukingo rwa COVID-19 ntirukeneye kubanza kwandikwa n'umuganga asanzwe agukurikirana.
- Urafise uburenganzira bwo gushikira uwuvugira abageze mu za bukuru. Ico gikorwa giciye muri OPAN gitangwa ku buntu, mw'ibanga kandi kirigenga, ntigikorera mu kwaha kwa Reta kandi ntigikorera mu kwaha kw'abatanga ibijanye n'abageze mu za bukuru. Abavugizi b'abageze mu za bukuru bo mu gihugu urimwo canke mu ntara urimwo barashobora gushikirwa uhamagaye kuri 1800 700 600 canke kuri opan.com.au.

Ku musi w'urukingo

- Nimba ushaka kuronswa urwo rukingo, abakozi bo mw'ivuriro bo mu kigo c'aho utuye bazoraba neza ko umeze neza mu magara ku musi w'urwo rukingo. Nimba uwo musi ufise ikibazo kijanye n'amagara ku usi w'urukingo, ikigo cawe ubamwo c'abageze mu za bukuru kirashobora kubanza kubaza umuganga wawe asanzwe akuvura imisi yose kugira ngo arabe ko urwo rukingo woruronswa, canke ko rwobanza kuba rurabangira gushika ku wundi musi uri imbere.
- Urashobora guhitamwo ko uwundi muntu agushigikira yoza ngaho muri ico kigo c'abageze mu za bukuru ubamwo ku musi w'urwo rukingo kugira ngo agushigikire kandi agufashe. Muri abo hashobora kuba harimwo umuntu wo kugusobanurira mu rundi rurimi inkuru canke kugira ngo akwemeze agukomeze kandi aguhimirize nimba wumva yuko ubifisemwo amakenga.
- Nk'uko bigenda ku rukingo urwo ari rwo rwose, urashobora kugira ingaruka zijanye n'urwo rukingo uhejeje guterwa urwo rushinge rw'urukingo rwa COVID-19. Inkuru zijanye n'ivyo ushobora kwitega inyuma y'urukingo uzoronswa uzozihabwa n'umukozi wo mw'ivuriro azoguha urwo rukingo. Izo nkuru vyongeye ziboneka [ku buhinga ngurukanabumenyi bw'igisata c'amagara y'abantu](#).
- Uhejeje kuronswa urwo rukingo, abakozi bo mu kigo c'abageze mu za bukuru urimwo bazogukwirikiranira hafi. Wumvise yuko utamerewe neza inyuma y'uguhabwa urwo rukingo, urihutira kubibamenyeshya.

Guma ufise inkuru zigezweko zivuye kubavyemerewe bizigirwa, bizewe

Urashobora kuronka izindi nkuru zirengeye izi, harimwo n'inkuru zashizwe zasobanuwe mu zindi ndimi mu Gisata kijejwe amagara y'abantu. [Umuhora w'inkingo ca COVID-19](#). Urashobora kandi kwiwandikisha kugira ngo uzohore uronka [inkuru zigezweho z'inkingo za COVID-19](#).

Urashobora vyongeye guhamagara ku murongo w'igihugu wo gufasha umugera wo Corona kuri 1800 020 080, kandi uce usaba umusiguzi nimba bikenewe.

[Urunani rw'ukuvugira abageze mu za bukuru \(OPAN\)](#) rurahari nimba ushaka kuvugana na rwo ku bijanye n'ikibazo ico ari co cose canke amakenga ushobora kuba ufise ajanye na COVID-19 canke nimba ukeneye uwugufasha mu bijanye n'uwutanga ibijanye n'abageze mu za bukuru uwubitanga. Hamagara kuri 1800 237 981, 6am-10pm (AEDT), 7 yose mw'iyinga, canke utume email kuri covid@opan.com.au.